



Maryland Coalition for Justice & Police Accountability

Garanti Pouvwa Envestigasyon Endependan pou Komisyon Kontwòl Polis

BILLS SB 621 / HB 533

KONTÈKS

An 2021, Asanble Jeneral la te adopte Lwa sou Responsabilite Polis Maryland nan. Pami lòt dispozisyon, pwojè Iwa te oblige tout 23 konte Maryland yo ak Vil Baltimore pou fòme yon nouvo òganis siveyans polis kominotè ki rele Konsèy Responsabilite Polis (Police Accountability Boards, PAB). Objektif Konsèy sa yo se pou asire yon kontwòl ekstèn kominote a kontwole sou pwosedi disiplin entèn polis la.

Yon gwo pati nan enplémentasyon an te rete sou responsabilite jiridiksyon lokal yo, sa ki te pèmèt yo defini pouvwa ak pwosedi adisyonèl. Pami yo dwe genyen pouvwa envestigasyon ak asiyasyon endependan, ki se yon eleman esansyèl nan fason PAB ka ranpli fonksyon yo.

Toutfwa, malgre sipò enpòtan kominote a, menmsi rechèch ak pratik estanda

yo montre pouvwa envestigasyon endependan yo esansyèl pou konsèy siveyans kominotè yo, pyès PABs nan Maryland pa gen otorite sa nan moman.

Aktyèlman, Konsèy Responsabilite Polis yo ak Komisyon Administratif Akizasyon (ACC) baze inikman sou envestigasyon entèn polis la lè y ap reyalize egzamen ak deside pou yo akize ou pa yon ofisye. Pwoblèm prensipal la se lalwa eta pa klè kidonk jiridiksyon lokal yo ezite pou yo otorize PAB yo pouvwa sa yo. Toutfwa, san pouvwa envestigasyon ak asiyasyon endependan, PAB yo gravman limite nan kapasite pou yo aji reyèlman kòm yon konsèy kontwòl.

Se pou sa an 2024 nou pral sipòte yon pwojè Iwa pou klarifye Iwa ak pèmèt klèman jiridiksyon lokal yo bay PAB yo pouvwa envestigasyon ak asiyasyon endependan.



Photo Credit:
Mary Ella Jourdain

PAB Pa Kapab Ranpli Manda Yo San Pouvwa Envestigasyon Endepandan

Apèl pou siveyans kominotè fòs lòd la jwenn orijin li nan mouvman dwa sivik ak Black Power nan 1960 yo. Li anrasinen nan lide mwayen ki pi fasil pou lite kont dezimanizasyon Nwa ak Po fonse yo se bay kominote a kapasite pou l enpoze konsekans ak sa yo ki ap koze mal ladan.¹

Pandan plizyè dizèn lane, kominote a travè Maryland t ap defann kontwòl kominotè pwosedi disiplin polis la an repons ak vyolans ak koripsyon pèsistan polis nan kominote yo. Revandikasyon sa enkli bay konsèy kontwòl kominotè yo otorite pou yo reyalize envestigasyon endepandan.

Mefyans nan polis la alimante pa opinyon publik popilè ki estime depatman polis yo pa responsabilize ase pou move konpòtman.² An 2021, Depatman Polis Prince George la te regilyèman echwe pou reponn yon fason ki apwopriye ak plent asèlman rasyal entèn ak ekstèn, diskriminasyon ak move itilizasyon fòs.³

Anplis, yon envestigasyon⁴ Depatman Jistis la te reyalize an 2016 nan Depatman Polis Baltimore la te revele BPD pa t sèlman dekouraje plent entèn ak ekstèn yo, men menm nan ka akizasyon move konpòtman,

plent yo te jije regilyèman "pa fonde" san okenn rezon. Sou 1382 akizasyon itilizasyon fòs eksesif BPD resanse soti 2010 pou rive 2015, sèlman 31 akizasyon, oswa 2.2 poustan te valide. Selon evalyasyon DOJ, pwosedi envestigasyon akizasyon sa yo te non sèlman jenan pou publik men tou totalman pa apwopriye, sa ki pa t respekte pwòp politik depatman an ak estanda aplikasyon lalwa yo. Disiplin apwopriye yo te toujou ra.

Se pou sa Konsèy Responsabilite Polis yo dwe klèman jwenn otorizasyon pou mennen pwòp envestigasyon pa yo, pou yo kapab founi yon evalyasyon presi de plent yo ak rezulta yo, ak pou evalye ak presizyon kalite envestigasyon entèn yo.

**Aprann plis sou priyorite refòm lapolis MCJPA pou Maryland, ak sou plis pase 100 òganizasyon k ap rele pou yo:
www.mcjpa.org**

SOUS:

¹ <https://www.marylandmatters.org/2022/03/29/dayvon-love-baltimore-city-democrats-resist-community-oversight-of-law-enforcement/>

² <https://www.cato.org/survey-reports/policing-america-understanding-public-attitudes-toward-police-results-national>

³ <https://www.washlaw.org/unredacted-expert-analysis-of-prince-georges-police-department-filed-showing-discrimination-and-retaliation-against-black-and-brown-officers/>

⁴ <https://www.justice.gov/crt/file/883296/download>